3) *Para pepundhen, pinisepuh, para sesepuh, miwah sagung tamu ingkang minulya. Saleresipun, kados kirang jumbuh menawi kula nampi jejibahan supados paring wasitatama dhumateng sri penganten kekalih, awit kula menika kalebet ewoning tiyang ingkang cupet ing ngelmi tuwin cubluk ing seserepan. Ananging rehning ngengeti pamothahipun penganten sekaliyan, mrica kecut sauniuninipun kula sembadani.*

4) *Salajengipun, para pepundhen, pinisepuh, para sesepuh, sarta para lengah mugi ngeparengaken kula paring wasita adi dhateng penganten kekalih. Mbok bilih anggen kula ngayahi dhawuh samangke mboten ndadosaken keranan dalah kaparingan penggalih, kula nyuwun pangaksami ingkang agung. Makaten ugi katur para tamu sedaya, anggen kula sumela atur ing kalodhangan samangke punika. Nuwun!*

5) *Sri penganten kekalih, mangga kita sesarengan monjukakaken puji syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah Swt. awit*

panjenengan kekalih sampun kapanggihaken ing jodho ingkang pinesthi dados jatukrama. Manungsa punika wajib syukur nikmat dhumateng Gusti ingkang Maha Welas tuwin Maha Asih. Punapa malih, tumrap panjenengan kekalih ingkang sampun dipun-parengaken pinanggih jodho.

'1) Terima kasih saya sampaikan kepada Saudara pembawa acara.

2) Assalamualaikum wr.wb.

3) Para pemuka masyarakat, para bijak, para tetua, dan seluruh tamu yang dimuliakan. Sesungguhnya, tidak pantas jika saya menerima tugas untuk memberikan nasihat kepada mempelai berdua mengingat saya hanyalah orang kebanyakan yang kurang dalam hal ilmu, juga bodoh dalam hal pengetahuan. Namun, mengingat harapan pengantin berdua, ibarat *merica kecut sauni-uninipun*, apa pun bunyinya, saya memberanikan diri untuk menyanggupi.

4) Selanjutnya, yang terhormat para bijak, yang saya tuakan, para tetua, dan para undangan, izinkan saya menyampaikan nasihat kepada pengantin berdua. Jika dalam melaksanakan perintah ini dirasa ada yang kurang berkenan, saya memohon maaf sebesar-besarnya. Demikian juga, saya sampaikan hal yang sama kepada semua tamu sehubungan dengan apa yang akan sampaikan nanti. Terima kasih!

5) Nanda mempelai berdua, bersama-sama mari kita panjatkan puji syukur ke hadirat Allah Swt., karena Nanda berdua telah dipertemukan sebagai yang berjodoh sehingga dapat hidup bersama sebagai suami istri. Sesungguhnya, manusia wajib senantiasa bersyukur ke hadapan Gusti yang Mahabelas juga Kasih. Apalagi, bagi Nanda berdua yang telah dipertemukan sebagai suami istri.

Paragraf 1)—5) dari wacana *ular-ular* (3) merupakan paragraf-paragraf awal dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1)—4) yang

bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 5) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1)—4) merupakan slot pembuka. Penentuan juga didasarkan pada distribusi paragraf 1)—4) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 5).

Slot pembuka pada wacana (4).

(4) 1) *Assalamu'alaikum Wr.Wb.*

2) *Nuwun para tamu kakung putri ingkang minulya, langkung rumiyin kula ngunjukaken puji sukur ing Ngarsa Dalem Pangeran Ingkang Maha Mirah saha Maha Asih, awit saking paringipun kanikmatan, ... kita kepareng ngestreni pahargyan wiwahan dhauping panganten, putra-putrinipun Bapak ... dhaup kaliyan Anakmas ...., putra kakungipun Bapak .... ing ....*

3) *Para lenggah ingkang satuhu kinurmatan, kersanipun Bapak ... sekaliyan, kula supados suka ular-ular dhumateng putra panganten. Murih boten kepanjangen lan mbucal wekdal, keparenga kula nyuwun idin saha pangestu panjenengan sedaya. ....*

4) *Putra panganten sekaliyan, pahargyan dhaup panjenengan dinten menika, bebasanipun mbludhag dumugi plataran. Sepinten rena saha mongkoging penggalihipun ingkang rama saha ibu ..., ngantos mboten kaconggah nglairaken anggenipun badhe paring ular-ular .... Pramila ..., lajeng ndhawuhi kula supados makili maringaken ular-ular wau.*

5) *Putra panganten sekaliyan, ujaring tiyang sepuh; "Wong tuwa kuwi kudu uwur lan sembur. Nek ora bisa uwur, ya sembur." Dados uwur lan sembur menika kuwajibanipun tiyang sepuh. Sanajan putra sampun sugih bandha, sampun pinter tur sarjana pisan, kuwajiban menika tetep wonten kemawon. Wonten ngriki punika dunungipun tiyang sepuh badhe paring ular-ular. ....*

'1) Assalamu'alaikum Wr.Wb.

2) Hadirin, Bapak Ibu yang sungguh saya muliakan, terlebih dahulu saya panjatkan puji syukur ke hadapan *Ngarsa Dalem* Pangeran yang Mahamurah juga Mahaasih, yang karena limpahan kenikmatan-Nya, ... kita dapat ikut menyaksikan

pesta pernikahan putri Bapak ... bersanding dengan Anakmas ..., putra laki-laki dari Bapak ... di ....
3) Hadirin yang sungguh saya hormati, atas kehendak Bapak dan Ibu ... berdua, saya diminta untuk memberikan nasihat kepada pengantin berdua. Supaya tidak berkepanjangan sehingga menghabiskan waktu, perkenankan saya meminta izin dan restu dari hadirin semua. ....

4) Pengantin berdua, pesta pernikahan Anda pada hari ini, ibarat luapan, ia telah penuh hingga tumpah memenuhi halaman. Betapa besar bahagia dan rasa puas Bapak dan Ibu ..., sampai tidak sanggup mengutarakan sendiri nasihat untuk mempelai berdua. Menyadari keadaan yang akan seperti itu, ... lalu memberi perintah kepada saya untuk mewakili menyampaikan nasihat ini.

5) Mempelai berdua, telah berujar para orang tua, "Orang tua itu wajib memberi dana dan nasihat. Jika tidak bisa mendanai, setidaknya wajib menasihati." Jadi, mendanai dan menasihati memang merupakan kewajiban orang tua. Meskipun anak sudah kaya, sudah pandai, bahkan sarjana, kewajiban itu tetap terus berlaku. Pada kesempatan seperti inilah peran untuk memberikan nasihat itu dapat diwujudkan. ....

Paragraf 1)—5) dari wacana *ular-ular* (4) merupakan paragraf-paragraf awal dari wacana bersangkutan yang terdiri atas dua belas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1)—4) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 5) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1)—4) merupakan slot pembuka. Penentuan itu juga didasarkan pada distribusi paragraf 1)—4) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 5).

Slot pembuka pada wacana (5).

(5) 1) *Para rawuh ingkang minulya, lan anak kula panganten ingkang subagya.*

2) *Begja-begjaning tiyang mbangun bale wisma menika manawi tansah winengku ing tresna-tinresnan, guyub lan rukun. Kanthi kawontenan ingkang mekaten, sedaya pepalang, bebaya, lan kangelan badhe saged dipunadhepi ..., saengga bale wisma langgeng wilujeng.*

‘1) Hadirin yang dimuliakan, dan Nanda mempelai berdua yang berbahagia.

2) Seberuntung-beruntung orang yang membangun keluarga ialah jika selalu ternaungi rasa saling cinta, saling cocok, dan rukun. Dengan keadaan yang sedemikian, semua hambatan, bahaya, dan kesulitan akan dapat dihadapi ..., sehingga rumah tangga selamat selamanya.’

Paragraf 1) dan 2) dari wacana *ular-ular* (5) merupakan paragraf-paragraf awal dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 2) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1) merupakan slot pembuka. Penentuan juga didasarkan pada distribusi paragraf 1) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 2).

Slot pembuka pada wacana (6).

(6) 1) *Nuwun.*

2) *Panjenenganipun para sepuh lan pinisepuh ingkang kula bekteni, dalasan para rawuh sedaya ingkang dahat sinudarsana. Katentreman, karahayon miwah kasarasan mugi tansah kasarira ing panjenengan sadaya.*

3) *Minangkani keparengipun Bapak Puspateja saha Ibu lumantar sadherek Panatacara, kula kakersakaken suka ular-ular tumuju dhumateng putra panganten kekalih. Ingkang punika, dhumateng panjenenganipun para pepundhen lan para tamu keparenga kula nggempil kamardhikan sarta anyelani pangandikan sawetawis. Bokbilih atur kula punika kurang nuju prana, mugi kersaa paring pangapunten.*

4) *Nakjeng Harjani lan Nakmas Ismaya, wiwit wekdal punika panjenengan kekalih sampun sanes kenya lan jaka, nanging sampun manunggal mangun bebrayan enggal. Kagem manunggaling kekalih pribadi ingkang suwau boten sami menggah sipat legeyanipun punika antawisipun kanthi lelantaran laku punika.*

'1) Permisi.

2) Yang terhormat para tetua dan para pemuka yang sungguh saya hormati, dan hadirin semua yang sungguh saya teladankan. Ketenteraman, keselamatan, dan kesehatan semoga selalu dalam berkah kita semua.

3) Melaksanakan kehendak Bapak dan Ibu Puspateja melalui Saudara Pewara, supaya saya memberikan nasihat kepada Nanda pengantin berdua. Untuk itu, kepada para pemuka dan para tamu, perkenankan saya mengusik kemerdekaan Bapak dan Ibu dengan menyela perbincangan sejenak. Jika kata-kata saya nanti dirasa kurang berkenan, saya mohon sudilah Bapak Ibu untuk memaafkan.

4) *Nakjeng* Harjani dan *Nakmas* Ismaya, mulai saat ini Nanda berdua sudah bukan gadis dan jejaka, tetapi sudah bersatu untuk membangun keluarga baru. Untuk menyatukan dua pribadi yang semula berbeda sifat maupun tabiatnya, antara lain dengan melaksanakan hal-hal berikut.

Paragraf 1)—4) dari wacana *ular-ular* (6) merupakan paragraf-paragraf awal dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1)—3) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 4) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1)—4) merupakan slot pembuka. Penentuan juga didasarkan pada distribusi paragraf 1)—3) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 4).

Slot pembuka pada wacana (7).

(7) 1) *Assalamu'alaikum Wr.*

2) *Alhamdulillahi robbil'alamin, washolaatu wassa laama 'ala aalihi wa askhaabihi ajma'in. Asyhadu anlaa ilaaha ilallohu wahdahu*

laa sarii-kallah, wa ashadu anna mukhammadan'abduhu wa rosuuluhu laa nabiya ba'dah. Allahuma sholi'ala muhammad, wa 'ala ali mukhammad, amma ba'du, fayya ayyuhannas, ittaqullooh, I'lamu 'ibaadalloh, faqod fasal muttaquun, 'Audzu billaahi minasy sayaithoonirrojim, Bismillaahirrahmaanir rohiim ....

3) *Nuwun, panjenenganipun ingkang satuhu kinabekten, para sesepuh dalah pinisepuh ingkang anggung mastuti dhumateng pepoyaning kautaman. .... Sumawana sanggyaning para rawuh kakung miwah putri, ingkang dahat kinurmatan.*

4) *Langkung rumiyin, ngengeti kula sadaya titah sawantah ingkang pinurba kawasesa dening Gusti ingkang Maha Kawasa. Pramila sumangga angunjukaken puja-puji syukur dhumateng panjenengan-Ipun ingkang sampun kepareng ngrentahaken rahmat lan hidayah-Ipun ... saengga kula sedaya saged anjenengi ing ratri/ siang menika kanthi winantu ing suka basuki lumintua ing salami-lami. Amin.*

5) *Salajengipun saestu linepatna ing deduka, tebihna ing tulak sarik, dene kula kumawantun lumaraping atur saengga ngirangi kamardhikan panjenengan sadaya ingkang nedheng eca wawan pangandikan. Nuwun, inggih awrad mundhi panyuwunipun adhi kula ... lumantar Sedherek Panata Laksita supados paring sabda tama ..... Jer makaten awit kula ing prekawis panggulawentah (pendidikan) saestu kantun kaliyan Nakmas penganten kekalih. Ananging, prekawis pengalaman, kula langkung sepuh sarta langkung rumiyin anggenipun bebrayan. Pramila mesthinipun langkung kathah pengalaman sarta seserepaning ingkang saged kula dumugekaken.*

6) *Panjenenganipun para pepundhen, para sesepuh, para pinisepuh, punapa dene panjenenganipun para tamu kakung sumawana putri ingkang luhur ing budi, keparenga sami paring pangestu dhumateng kula, supados saged dumugining sedya anggen kula ... suka wawasan tumrap theg kliweripun ngambah bebrayan agung menika.*

7) *Anakmas temanten kekalih ingkang manggih bagya mulya. Gegaran tumrap gesang bebrayan menika kedhah nindakaken Ma Lima, inggih menika saking mlumah, mengkurep, modot, mlebu, lan metu. .... Wosipun, ma lima menika saged kapiterang makaten.*

'1) Assalamu'alaikum Wr.

2) Alhamdulillahi robbil'alamin, washolaatu wassa laama 'ala aalihi wa askhaabihi ajma'in. Asyhadu anlaa ilaaha ilallohu wahdahu laa sarii-kallah, wa ashadu anna mukhammadan' abduhu wa rosuuluhu laa nabiya ba'dah. Allahuma sholi'ala muhammad, wa 'ala ali mukhammad, amma ba'du, fayya ayyuhannas, ittaqullooh, I'lamu 'ibaadalloh, faqod fasal muttaquun, 'Audzu billaahi minasy sayaithoonirrojim, Bismillaahirrahmaanir rohiim ....

3) Hadirin, semua yang sungguh saya hormati, para tetua, dan para pemuka yang selalu mendatangkan keutamaan. .... Seluruh tamu pria maupun wanita yang sungguh terhormat.

4) Terlebih dahulu, menyadari bahwa kita semua sekadar titah di bawah kuasa Allah yang Mahakuasa. Karena itu, marilah kita panjatkan puji syukur ke hadapan-Nya yang telah berkenan melimpahkan rahmat dan hidayah-Nya ... sehingga kita dapat berkumpul pada siang atau malam ini dalam keadaan selamat sejahtera selama-lamanya. Amin.

5) Selebihnya, semoga terhindarkan saya dari murka, terjauhkan dari halangan, karena telah memberanikan diri untuk berbicara sehingga mengurangi kemerdekaan hadirin yang sedang bahagia berbagi kabar. Hadirin, sungguh berat menyanggupi permintaan Adik saya ... melalui Saudara Pembawa Acara, supaya saya memberi nasihat dan petuah bagi temanten berdua .... Memang berat, karena belum menjadi kemampuan saya untuk memberi pemahaman mengenai hal yang sebaiknya dilakukan di dalam membangun keluarga maupun dalam bermasyarakat. Sungguh demikian karena

dalam hal pendidikan saya nyata kalah dibandingkan pengantin berdua. Hanya karena dalam hal pengalaman, saya lebih tua dan dalam hal berkeluarga saya sudah lebih dahulu sehingga banyak pengalaman dan pengetahuan yang dapat saya sampaikan.

6) Hadirin, para pemuka, para tetua, juga yang kami tuakan, termasuk Bapak Ibu para tamu pria wanita yang sungguh berbudi, berkenanlah untuk memberi restu kepada saya, supaya dapatlah saya ... memberi gambaran mengenai berbagai permasalahan di dalam menjalani hidup berkeluarga dan bermasyarakat.

7) Ananda mempelai berdua yang memperoleh kebahagiaan dan kemuliaan. Pedoman hidup berkeluarga itu ialah dengan menjalani Ma Lima, yaitu *telentang, tengkurap, memanjang, masuk,* dan *keluar*. .... Pada intinya, pengertian ma lima itu dapat dijelaskan sebagai berikut.'

Paragraf 1)—7) dari wacana *ular-ular* (7) merupakan paragraf-paragraf awal dari wacana bersangkutan yang terdiri atas enam belas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1)—6) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 7) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1)—6) merupakan slot pembuka. Penentuan juga didasarkan pada distribusi paragraf 1)—6) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 7).

Slot pembuka pada wacana (8).

(8) 1) *Assalamu 'alaikum warohmatulloohi wabarokaatuh.*

2) *Alhamdu lillaahil ladzi khlolaqo lakum min anfusikum azwaajan, litaskunuu illaihaa wa ja'ala bainakum mawaddatan wa rohmah. Asyhadu allaa illaallooh, wa asyhaadu anna muhammadar rasuulullah. Alloohumma sholli 'alaa rosuulillaah, muhammadibni 'abdillaah, wa 'alaa alihii wa ash-haabihii wa man tabi'ah, ilaa yaumil qiyaamah. Ammaa ba'du.*

3) *Nuwun, dhumateng panjenenganipun para aji sepuh ingkang kinabekten; para pangembating praja ingkang sinudarsana;*

para pangarsaning *agami ingkang lebda ing pangawikan; para rawuh kakung putri ingkang dhahat kinurmatan. langkung rumiyin kula ngaturaken puji sokur konjuk wonten ngarsa dalem Allah Swt. ingkang tansah paring kanugrahan awujud punapa kemawon dhumateng sadaya kawulanipun, kalebet panjenengan sami dalasan kula ingkang kepareng kempal wonten ing pahargyan punika kanthi manggih kawilujengan, saha kabagaswarasan.*

4) *Para lenggah ingkang wicaksana, keparenga kula minangkani pamundhutipun Bapak saha Ibu ..., saprelu suka ular-ular sawatawis tumuju dhumateng anak kula penganten sarimbit. Mugi sageda minangka tambahing sangu anggenipun sami gesang bebrayan.*

5) *Nak mas ... saha nak ajeng ... ingkang bagya mulya, tumapaking dinten sasampunipun panjenengan nindakaken akad nikah wonten ngarsanipun Bapak Naib, ingkang sineksenan sawatawis para pinisepuh, sanak kadang, punapa dene mitra pitepangan, ateges panjenengan sampun lumebet wonten alam madya, kanthi ngemban pinten-pinten wajibing gesang bebrayan ingkang kedah dipunayahi. Kula pitados bilih nakmas ... saha nak ajeng ... saderengipun temtu sampun tata-tata minangka sanguning gesang bebrayan, inggih lair, inggih batos. Pramila saking punika, punapa ingkang kula aturaken mangke saestu namung minangka urun-urun sakedhik. Kaagema ingkang sae, tuwin kabucala ingkang kirang prayogi.*

‘1) Assalamu ‘alaikum warohmatulloohi wabarokaatuh

2) Alhamdu lillaahil ladzi khlolaqo lakum min anfusikum azwaajan, litaskunuu illaihaa wa ja’ala bainakum mawaddatan wa rohmah. Asyhadu allaa illaallooh, wa asyhaadu anna muhammadar rasuulullah. Alloohumma sholli ‘alaa rosuulillaah, muhammadibni ‘abdillaah, wa ‘alaa alihii wa ashhaabihii wa man tabi’ah, ilaa yaumil qiyaamah. Ammaa ba’du.

3) Hadirin, para pemuka yang saya baktii; para pegawai pemerintah yang diteladankan; para pemuka agama yang ahli dalam ilmu; para tamu putra putri yang sungguh saya hormati. Terlebih dahulu saya sampaikan puji syukur ke

hadapan Allah Swt. yang selalu melimpahkan anugerah dalam bentuk apa saja kepada semua hamba-Nya, termasuk hadirin sekalian juga saya pribadi sehingga dapat berkumpul di perjamuan ini dalam keadaan selamat dan sehat tiada kurang suatu apa.

4) Hadirin yang bijaksana, perkenankan saya melaksanakan permintaan Bapak ... dan Ibu ..., supaya saya sejenak menyampaikan nasihat kepada Ananda pengantin berdua. Semoga bermanfaatlah untuk sekadar menambah bekal dalam menjalani hidup berkeluarga dan bermasyarakat.

5) Ananda Mas ... dan Mbak ... yang sangat terkaruniai kebahagiaan dan kemuliaan, berlalunya hari sejak Nanda sekalian melaksanakan akad pernikahan di hadapan Bapak Naib, dengan saksi para pemuka, sanak saudara, maupun teman kenalan, berarti Nanda sudah memasuki alam tengah, dengan berbagai kewajiban hidup berkeluarga yang harus dijalani. Saya percaya bahwa Nanda Mas ... dan Mbak ... tentu sudah menyiapkan bekal untuk hidup berkeluarga, baik lahir maupun batin. Karena itu, apa yang akan saya sampaikan hanyalah sekadar tambahan. Pilihlah yang dirasa memang bermanfaat; buanglah yang dirasa tidak sesuai.

Paragraf 1)—5) dari wacana *ular-ular* (8) merupakan paragraf-paragraf pembuka dari wacana yang terdiri atas empat belas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 1)—4) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 5) yang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 1)—4) merupakan slot pembuka. Penentuan juga didasarkan pada distribusi paragraf 1)—4) yang tidak dapat dipertukarkan dengan paragraf 5).

Dari kajian atas tujuh wacana hortatori *ular-ular* diketahui bahwa

1) wacana hortatori *ular-ular* selalu diawali dengan paragraf pembuka yang berfungsi sebagai slot pembuka;

2) berdasarkan sifat keintian, slot pembuka bersifat tidak inti karena bukan berupa pesan bagi pengantin;
3) berdasarkan keberadaannya, meskipun bersifat tak inti, kehadiran slot pembuka bersifat wajib. Penghilangan slot menjadikan wacana tidak lazim;
4) berdasarkan distribusinya, posisi slot pembuka bersifat tegar, yaitu mengawali wacana.

2.3.2 Slot Tubuh

Slot tubuh adalah ruang kosong yang berada di tengah wacana. Sebagai ruang kosong, berbeda dengan slot pembuka, slot tubuh diisi oleh unsur wacana dengan sifat pesan merupakan pesan inti wacana. Berdasarkan distribusinya, keberadaan slot di bagian tengah wacana bersifat tegar. Berikut kajian mengenai kemungkinan slot-slot tubuh pada tujuh wacana hortatoti *ular-ular* yang disampelkan. (Demi keringkasan, pengutipan dibatasi pada paragraf-paragraf pembangun slot tubuh dan paragraf pembatas atas maupun bawah.)

(9) 4) *Salajengipun, para pepundhen, pinisepuh, para sesepuh, sarta para lengah mugi ngeparengaken kula paring wasita adi dhateng penganten kekalih. Mbok bilih ... samangke mboten ndados-aken keranan ... penggalih, kula nyuwun pangaksami ingkang agung.*

5) *Sri penganten kekalih, mangga kita sesarengan monjukaken puji syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah Swt. awit pan-jenengan kekalih sampun kapanggihaken ing jodho ingkang pinesthi dados jatukrama. Manungsa punika wajib syukur nikmat dhuma-teng Gusti ingkang Maha Welas tuwin Maha Asih. Punapa malih, tumrap panjenengan kekalih ingkang sampun dipunparengaken pinanggih jodho.*

6) *Mugi panjenengan sekaliyan anggenipun jejodhoan lang-geng lestari tumuju dhumateng bebrayan agung ingkang mulya sarta minulya. Mulya tegesipun begja. Ing gesangipun tansah saged kacekapan ing kabetahan. Minulya tegesipun gesang bebrayan panjenengan kekalih tansah kajen keringan, kinurmatan ing tangga*

tepalih, sanak kadang. Boten sanes, awit saged minangka tepa palupining brayat.

7) *Sri penganten sutresna, kabekta dening kemajengan jaman, langkung-langkung kenging dening pangaribawanipun kemajeng-aning teknologi sarta pangawikan, ndadosaken hak sarta kawajiban-ipun priya tuwin wanita punika mingsad-mingsed, mulur-mung-kret, ewah gingsir. Ananging sinaosa beda papan, kalenggahan, saha kawontenan, ewadene lajer ancer saha esthi tundhoning nga-gesang punika sami, jer mboten badhe singlar kaliyan damel wilujenging pribadi, brayat, bebrayan, sesami, saha lestarining alam sawegung. Kagarba ing sekar Mijil, "Dipunesthi mrih darbe pribadi, kang geleng gumolong, mangun urip jejeging brayate, mring bebrayan bisa murakabi, kurmat mring sesami, bekti ing Hyang Agung."*

8) *Namung makaten atur ular-ular kawula. Wusana kula ambali malih, nyuwun rumentahing pangapunten, ...*

'4) Selanjutnya, yang terhormat para bijak, yang saya tuakan, para tetua, dan para undangan izinkan saya menyam-paikan nasihat kepada pengantin berdua. Jika ... nanti men-jadikan kurang berkenan, saya memohon maaf sebesar-besarnya.

5) Nanda mempelai berdua, bersama-sama mari kita panjatkan puji syukur ke hadirat Allah Swt., karena Nanda berdua telah dipertemukan sebagai yang berjodoh sehingga dapat hidup bersama sebagai suami istri. Sesungguhnya, manusia wajib senantiasa bersyukur ke hadapan Gusti yang Mahabelas juga Kasih. Apalagi, bagi Nanda berdua yang telah dipertemukan sebagai suami istri.

6) Semoga, dalam membangun keluarga, Nanda berdua berhasil langgeng lestari, *mulia* juga *dimuliakan*. Mulia karena beruntung. Karena, selalu dapat memenuhi semua kebutuh-an. Dimuliakan karena keluarga Nanda selalu dihormati, dihormati tetangga, sanak saudara. Tiada lain, karena dapat dijadikan teladan.

7) Mempelai yang terkasih, terbawa kemajuan zaman, lebih–lebih karena pengaruh kemajuan teknologi dan pengetahuan, hak dan kewajiban pria maupun wanita lalu berubah, bertambah berkurang, beralih bergeser. Namun, meskipun berbeda tempat, kedudukan, dan keadaannya, sisi dan pusat (*lajer ancer*) maupun inti tujuan hidup tetaplah sama; tidak akan menyimpang dari tujuan keselamatan: pribadi, keluarga, masyarakat, sesama, maupun alam. Dituturkan dalam tembang mijil, "Upayakanlah supaya menjadi sebuah kepribadian, yang betul-betul utuh teryakini, hidup untuk mengutuhkan keluarga, berguna bagi pergaulan, hormat kepada sesama, berbakti kepada Hyang Agung.

8) Demikian nasihat yang dapat saya sampaikan. Akhir kata, saya sampaikan kembali permohonan maaf ....'

Paragraf 4)—8) dari wacana *ular-ular* (9) merupakan paragraf-paragraf tengah dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 4) dan 8) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 5)—7) yang memang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 5)—7) merupakan slot tubuh. Sebagai slot tersendiri, distribusi paragraf 5)—7) bersifat tegar. Distribusi itu tidak dapat dipertukarkan dengan slot lain, misal slot penutup, seperti terlihat pada ubahan (9a) berikut.

(9a)* 8) *Namung makaten atur ular-ular kawula. Wusana kula ambali malih, nyuwun rumentahing pangapunten, ...*

4) *Salajengipun, para pepundhen, pinisepuh, para sesepuh, sarta para lengah mugi ngeparengaken kula paring wasita adi dhateng penganten kekalih. Mbok bilih ... samangke mboten ndadosaken keranan ... penggalih, kula nyuwun pangaksami ingkang agung.*

5) *Sri penganten kekalih, mangga kita sesarengan monjukaken puji syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah SWT awit panjenengan kekalih sampun kapanggihaken ing jodho ingkang pinesthi dados jatukrama. Manungsa punika wajib syukur nikmat*

dhumateng Gusti ingkang Maha Welas tuwin Maha Asih. Punapa malih, tumrap panjenengan kekalih ingkang sampun dipunpareng-aken pinanggih jodho.

6) *Mugi panjenengan sekaliyan anggenipun jejodhoan lang-geng lestari tumuju dhumateng bebrayan agung ingkang mulya sarta minulya. Mulya tegesipun begja. Ing gesangipun tansah saged kacekapan ing kabetahan. Minulya tegesipun gesang bebrayan pan-jenengan kekalih tansah kajen keringan, kinurmatan ing tangga tepalih, sanak kadang. Boten sanes, awit saged minangka tepa palupining brayat.*

7) *Sri penganten sutresna, kabekta dening kemajengan jaman, langkung-langkung kenging dening pangaribawanipun kemajeng-aning teknologi sarta pangawikan, ndadosaken hak sarta kawajiban-ipun priya tuwin wanita punika mingsad-mingsed, mulur-mung-kret, ewah gingsir. Ananging sinaosa beda papan, kalenggahan, saha kawontenan, ewadene lajer ancer saha esthi tundhoning nga-gesang punika sami, jer mboten badhe singlar kaliyan damel wilujenging pribadi, brayat, bebrayan, sesami, saha lestarining alam sawegung. Kagarba ing sekar Mijil, "Dipunesthi mrih darbe pribadi, kang geleng gumolong, mangun urip jejeging brayate, mring bebrayan bisa murakabi, kurmat mring sesami, bekti ing Hyang Agung."*

'8) Demikian nasihat yang dapat saya sampaikan. Akhir kata, saya sampaikan kembali permohonan maaf ....

4) Selanjutnya, yang terhormat para bijak, yang saya tuakan, para tetua, dan para undangan, izinkan saya menyam-paikan nasihat kepada pengantin berdua. Jika ... nanti men-jadikan kurang berkenan, saya memohon maaf sebesar-besarnya.

5) Nanda mempelai berdua, bersama-sama mari kita panjatkan puji syukur ke hadirat Allah Swt., karena Nanda berdua telah dipertemukan sebagai yang berjodoh sehingga dapat hidup bersama sebagai suami istri. Sesungguhnya, manusia wajib senantiasa bersyukur ke hadapan Gusti yang

Mahabelas juga Kasih. Apalagi, bagi Nanda berdua yang telah dipertemukan sebagai suami istri.

6) Semoga, dalam membangun keluarga, Nanda berdua berhasil langgeng lestari, *mulia* juga *dimuliakan*. Mulia karena beruntung. Karena, selalu dapat memenuhi semua kebutuhan. Dimuliakan karena keluarga Nanda selalu dihormati, dihormati tetangga, sanak saudara. Tiada lain, karena dapat dijadikan teladan.

7) Mempelai yang terkasih, terbawa kemajuan zaman, lebih–lebih karena pengaruh kemajuan teknologi dan pengetahuan, hak dan kewajiban pria maupun wanita lalu berubah, bertambah berkurang, beralih bergeser. Namun, meskipun berbeda tempat, kedudukan, dan keadaannya, sisi dan pusat (*lajer ancer*) maupun inti tujuan hidup tetaplah sama; tidak akan menyimpang dari tujuan keselamatan: pribadi, keluarga, masyarakat, sesama, maupun alam. Dituturkan dalam tembang mijil, "Upayakanlah supaya menjadi sebuah kepribadian, yang betul-betul utuh teryakini, hidup untuk mengutuhkan keluarga, berguna bagi pergaulan, hormat kepada sesama, berbakti kepada Hyang Agung.'

Berikut kajian atas slot tubuh pada data (10).

(10) 3) *Para lenggah ingkang wicaksana ing budi, keparenga kula minangkani pamundhutipun Bapak Saha Ibu ..... saprelu suka ular-ular sawatawis tumuju dhumateng anak kula penganten sarimbit. Mugi sageda minangka tambahing sangu anggenipun sami gesang bebrayan.*

4) *Nakmas ..... saha Nakajeng ..... ingkang bagya mulya. Tumapaking dinten sasampunipun panjenengan nindakaken akad nikah wonten ngarsanipun Bapak Naib, ingkang sineksenan sawatawis para pinisepuh, sanak kadang, punapa dene mitra pitepangan, ateges panjenengan sampun lumebet wonten alam madya, kanthi ngemban pinten-pinten wajibing gesang bebrayan ingkang kedah dipunayahi. Kula pitados bilih Nakmas ..... saha Nakajeng ..... saderengipun mesthi sampun tata-tata minangka*

sanguning gesang bebrayan, inggih lair, inggih batos. Pramila saking punika, punapa ingkang kula aturaken mangke saestu namung minangka urun-urun sakedhik. Kaagema ingkang sae, tuwin kabucala ingkang kirang prayogi.

5) *Anak kula temanten sekaliyan, gesang bebrayan punika kenging dipungambaraken kados dene tiyang nitih baita wonten tengahing samodra. Kamangka sampun kawuningan bilih kawontenaning samodra punika mboten ajeg, tansah owah gingsir, kanthi wekdal ingkang mboten saged katamtokaken.*

6) *Menggahing tiyang gesang bebrayan, supados saged nggayuh ingkang dipunidham-idhamaken, inggih punika kulawarga sakinah mawaddah wa rahmah, lelandhesanipun namung satunggal, inggih punika "Tawaqallah". Taqwa dhumateng Allah SWT. Kanthi mekaten, sedaya sandhunganing gesang, insya Allah saged dipunendhani, dipunsingkiri. Yen wonten sulayaning pamanggih, karampungna kanthi nuhoni pranataning agami.*

7) *Cekak aosipun, tiyang taqwa punika saestu dipunridhani dening Allah SWT, murakabi tumrap dhiri pribadinipun, ugi murakabi tumrap tiyang sanes jalaran sedaya tumindak tuwin pangucap saestu kajagi sampun ngantos nalisir saking dhawuhing Allah SWT saha tuntunaning Kanjeng Rasullullah SAW.*

8) *Pangudi lan pambudi daya kula sumanggakaken dhumateng panjenengan kekalih. Kula minanghka tiyang sepuh namung saged ndherek memuji, sageda kasembadan ing panjangka, bagya mulya salaminipun, saha tansah pinayungan ridhaning ingkang Maha Asih ngantos saturun-turun panjenengan kekalih.*

9) *Anak kula penganten sekaliyan, mekaten ingkang saged kula aturaken, mugi-mugi saged kapendhet sari pathinipun. Bokbilih anggen kula ngronce tetembungan punika wonten ingkang boten ndadosaken renaning penggalih, kula nyuwun pangaksami. Nuwun.*

3) Hadirin yang bijak di budi pekerti, izinkan saya melaksanakan permintaan Bapak dan Ibu ... untuk memberikan nasihat kepada Nanda mempelai berdua. Semoga dapatlah sebagai tambahan bekal di dalam membangun keluarga.

4) Nanda Mas ... dan Mbak ... yang sungguh berbahagia dan termuliakan. Berlalunya hari sesudah Nanda berdua melaksanakan akad nikah di hadapan Bapak Naib, dengan disaksikan para pemuka masyarakat, sanak saudara, maupun teman dan kenalan, berarti Nanda berdua sudah memasuki alam tengah (*madya*), dengan berbagai tanggung jawab berkeluarga, yang harus dijalani. Saya percaya bahwa Namda Mas ... dan Mbak ... tentu sudah menyiapkan bekal untuk hidup berkeluarga, baik lahir maupun batin. Oleh karena itu, apa yang akan saya sampaikan hanyalah sekadar untuk sedikit tambahan. Gunakanlah yang sekiranya dianggap baik, buanglah yang dianggap tidak baik.

5) Nanda mempelai berdua, hidup berkeluarga dan bermasyarakat itu dapat diibaratkan orang yang berperahu di tengah samudra. Padahal, seperti diketahui keadaan samudra itu tidaklah tetap, selalu berubah di waktu yang tidak dapat ditentukan.

6) Bagi orang yang berkeluarga, supaya dapat merengkuh yang diidam-idamkan, yaitu keluarga sakinah, mawaddah, wa rahmah, dasarnya hanya satu, yaitu *Tawaqallah*. Takwa kepada Allah Swt. Dengan demikian, segala halangan hidup, insya Allah dapat dihindari, dapat dilewati. Jika mengalami perbedaan pendapat, selesaikanlah dengan berpegang pada tatanan agama.

7) Singkat kata, orang takwa itu ialah orang yang diridai oleh Allah Swt., berguna bagi diri sendiri, juga bagi orang lain karena semua tindakan maupun ucapan selalu terpelihara, tidak sampai menyimpang dari perintah Allah Swt. dan tuntunan Rasulullah Saw.

8) Pemikiran dan pengupayaan saya serahkan kepada Ananda berdua. Saya sebagai orang tua hanya dapat turut mendoakan, semoga tercapailah segala yang dicitakan, bahagia sejahtera selamanya, juga semoga selalu terlindungi

oleh rida dari Yang Mahakasih hingga anak cucu Ananda berdua.

9) Ananda mempelai berdua, demikian yang dapat saya sampaikan, semoga dapat diambil inti sari dan hikmahnya. Jika dalam saya merangkai kata-kata ada yang dirasa kurang pantas, saya sampaikan permohonan maaf. Terima kasih.

Paragraf 3)—9) dari wacana *ular-ular* (10) merupakan paragraf-paragraf tengah dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 3) dan 9) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 4)—8) yang memang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 3)—8) merupakan slot tubuh. Penetapan itu juga didasarkan pada fakta bahwa sebagai slot tersendiri, distribusi paragraf 3)—8) bersifat tegar. Distribusi itu tidak dapat dipertukarkan dengan slot lain.

Slot tubuh pada data (11).

(11) 3) *Para lenggah ingkang satuhu kinurmatan, kersanipun Bapak ..... sekaliyan, kula supados suka ular-ular dhumateng putra panganten. Murih boten kepanjangen lan mbucal wekdal, keparenga kula nyuwun idin saha pangestu panjenengan sedaya. Atur kula badhe kula tujokaken dhumateng putra panganten.*

4) *Putra panganten sekaliyan, pahargyan dhaup panjenengan dinten menika, bebasanipun mbludhag dumugi plataran. Sepinten rena saha mongkoging penggalihipun ingkang rama saha ibu boten saged kagambaraken, ngantos mboten kaconggah nglairaken anggenipun badhe paring ular-ular dhumateng panjenengan. Pramila ngawuningani badhe kados mekaten kawontenanipun, lajeng ndhawuhi kula supados makili maringaken ular-ular wau.*

5) *Putra panganten sekaliyan, ujaring tiyang sepuh; "Wong tuwa kuwi kudu uwur lan sembur. Nek ora bisa uwur, ya sembur." Dados uwur lan sembur menika kuwajibanipun tiyang sepuh. Sanajan putra sampun sugih bandha, sampun pinter tur sarjana pisan, kuwajiban menika tetep wonten kemawon. Wonten ngriki*

punika dunungipun tiyang sepuh badhe paring ular-ular. Tiyang sepuh suthik dipun kainakaken. Kuwajibanipun putra midhanget-aken lan ngesthokaken pangandikanipun tiyang sepuh.

6) *Menawi kalih-kalihipun saged keplok, namung karaharjan ingkang badhe pinanggih. Putra panganten sekaliyan, wiwit wekdal menika ugi, panjenengan sampun sanes kenya lan jaka malih. Kalih-kalihipun sampun luluh manunggal, madeg bale griya, mbangun brayat enggal. Menawi wingi-wingi tiyang sepuh lajeng maringi asma sepuh. Jaman samenika adhakanipun ingkang dipunlestantun-aken asmanipun penganten kakung. Keparengipun ingkang rama ibu, sanajan makatena, tetepa kalih-kalihipun manunggal dados satunggal, dipundhasarana: "ATI LORO DADI SIJI lan ora ning-gal DUGA PRAYOGA." Menawi jaman rumiyin njumbuhaken ati loro dadi siji menika angel lan dangu sanget. Awit, kalih-kalihipun umumipun dereng sami karuh. Sanajan, wonten ingkang anggenipun njodokaken manten estri wiwit 7 taun, ingkang jaler umur 10 taun. Jaman samenika menapa mekaten?*

7) *Kados pundi caranipun njumbuhaken ati loro dadi siji? Marginipun kathah. Kula kinten putra penganten kekalih boten badhe kewran. Minangka pancadan saged dipunwiwiti saking jujur, blak-blakan, boten siliban. Nengenaken rembag nebihaken panyakra-bawa. Samia mong-kinemong lelambaran taqwa ing Pangeran, kanthi ngrumaosi yen titah menika apes. Dene duga lan prayoga saged kagambaraken kados dene tiyang numpak sepedha montor wonten ing mergi ageng. Menawi tiyang tansah duga lan prayoga, ngatos-atos, mulad tandha margi ngangge mangsanipun lampu ijem, ngatos-atos samangsa lampu jene, sampun nerak lampu abrit insya Allah wilujeng ingkang pinanggih.*

8) *Putra penganten sekaliyan, manawi pinuju sela, lenggahan mirunggan prayogi ngrengeng-ngrengengaken sekar Kinanthi tigang pada menika. Prayoginipun tembang dipunsekaraken kanthi lagu Kinanthi Mangu, supados putra temanten boten mangu-mangu. Lumayan kagem selingan.*

1. *Salaki rabi puniku, ati loro dadi siji, tan tinggal duga prayoga, tindak-tanduk tata krami, anon-tinon empan papan, syukur sumarah Illahi.*

2. *Pantes tetep atut runtut, renteng-renteng siyang ratri, rantab-rantab reruntungan, tan ana rengating ati, kadya mimi lan mintuna, wit donya tumekeng akir.*

3. *Kakung wajib bangkit mengku, putri ngerti setya bekti, rinipta ari pahargyan, rolas Besar Jum'at Legi, Taun dal sengkalanira, raras wulang trus manunggil.*

9) *Semanten kemawon ular-ularipun rama ibu, mugi-mugi saged nambahi sangu anggen panjenengan nempuh bebrayan enggal. Boten langkung tiyang sepuh namung ndedonga putra panganten manggih rahayu wilujeng, kadumugen idham-idhamanipun ingkang sae-sae.*

10) *Para lenggah ingkang dahat kula tresnani, namun kados mekaten ular-ular ingkang saged kula sumbangaken. Ing salebeting kula ndumugekaken ular-ular menika wau, manawi boten ndadosaken renaning penggalih jalaran tindak-tanduk, solah tingkah, subasita tata krama, menapa dene atur ucap kula boten mranani, kanthi andhap asor sinartan anoraga, kula nyenyadhong sih paringipun samodra pangaksami.*

Paragraf 3)—10) dari wacana *ular-ular* (11) merupakan paragraf-paragraf tengah dari wacana bersangkutan yang terdiri atas dua belas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 3) dan 10) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 4)—9) yang memang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 4)—9) merupakan slot tubuh. Penetapan didasarkan pada fakta bahwa sebagai slot tersendiri, distribusi paragraf 4)—9) bersifat tegar. Distribusi itu tidak dapat dipertukarkan dengan slot lain.

Slot tubuh pada data (12).

(12) 2) *Begja-begjaning tiyang mbangun bale wisma menika manawi tansah winengku ing tresna-tinresnan, guyub lan rukun.*

Kanthi kawontenan ingkang mekaten, sedaya pepalang, bebaya, lan kangelan badhe saged dipunadhepi sesarengan kanthi manunggal, saengga bale wisma langgeng wilujeng.

3) *Tansah tresna-tinresnan lan manunggaling kulawarga wau saged dipunjagi lan dipuntangsuli mawi gegebengan utawi filsafat hidupipun bangsa Indonesia, inggih menika Pancasila. Ceplosipun, Pancasila saestu saged dipuncakaken utawi dipunamalaken wonten ing kulawarga. Mila kuncinipun: kados pundi ngecakaken Pancasila wonten ing gesang padintenan ing kulawarga menika?*

4) *Anak kula penganten lan para rawuh ingkang minulya, Sila kapisan Ketuhanan Yang Maha Esa, menika ingkang sae piyambak saged dipuncakaken ing kulawarga, manawi sedaya warganing kulawarga wau nunggil agami. Kanthi makaten cak-cakanipun kehidupan beragama dalam keluarga: saged sami ngibadah sesarengan, ngawontenaken sembahyangan (doa) sesarengan, lsp. Dene kapeksanipun yen wonten beda, bedaning agami wonten ing kulawarga, inggih ingkang saged mad-sinamadan. Sami-sami suka kalonggaran lan bantu-binantu supados sami saged nindakaken kuwajibanipun ngibadah piyambak-piyambak.*

5) *Sila kaping kalih Kemanusiaan yang Adil dan Beradab, saged dipuncakaken ing kulawarga kanthi tresna-tinresnannanipun bapak-ibu lan putra-putra menapa dene pramuwisma lsp. Ngecak-aken tepa slira, nyingkiri tindak sawenang-wenang, tetulung dhateng asanes, tapa ngrame lan sapiturutipun.*

6) *Sila kaping tiga, Persatuan Indonesia, saged dipuncakaken ing kulawarga kanthi pasang lambang nagari lan gambar Presiden/ Wakil Presiden, yasa gendera Merah-Putih sakcagakipun yen sa-mangsa-mangsa kapasang ing ngajeng griya lasp. Ugi dhateng putra-putra dipunkulinakaken (dipun gulawentah) amrih ngertos lan ngaosi semangat kebangsaan Indonesia.*

7) *Sila kaping sekawan, Kerakyatan yang Dipimpin oleh Hik-mat Kebijaksanaan dalam Permusyawaratan/Perwakilan, saged dipuncakaken ing kulawarga kanthi tansah boten nilar pirembagan/ musyawarah. Salajengipun kanthi giliging rembag ingkang kaputus*

ing musyawarah wau, sedaya warga kanthi eklas ngecakaken sesarengan.

8) *Sila kaping gangsal, Keadilan Sosial bagi Seluruh Rakyat Indonesia, wonten ing kulawarga saged dipungantos, bagi seluruh anggota kulawarga. Cak-cakanipun tumindak adil, ngurmati hakipun warga. Padatan boten seneng gesang boros, seneng sengkud makarya, lsp., kedah tansah dipunugemi sedaya warga.*

9) *Yen Pancasila saestu saged dipuncakaken wonten kulawarga, saestu bale wisma panjenengan badhe tansah manggih tentrem lan mulya.*

10) *Namung menika anak kula panganten ingkang subagya lan para rawuh ingkang minulya, ular-ular ingkang saged kula aturaken.*

‘2) Seberuntung-beruntung orang yang membangun keluarga ialah jika selalu ternaungi rasa saling cinta, saling cocok, dan rukun. Dengan keadaan yang sedemikian, semua hambatan, bahaya, dan kesulitan akan dapat dihadapi bersama dengan cara bersatu, sehingga rumah tangga selamat selamanya.

3) Rasa selalu saling mencintai dan keluarga yang selalu bersatu dapat dijaga dan diabadikan dengan menerapkan paham atau filosofi hidup bangsa Indonesia, yaitu Pancasila. Simpulannya, Pancasila nyata dapat diterapkan atau diamalkan dalam keluarga. Pertanyaannya, bagaimana cara menerapkan Pancasila dalam hidup keseharian di keluarga?

4) Anakku, pengantin dan hadirin yang dimuliakan, sila pertama Ketuhanan Yang Maha Esa, merupakan sila yang paling baik untuk diterapkan di keluarga, khususnya jika semua anggota keluarga beragama sama. Dengan demikian, peribadahan keluarga dapat dilaksanakan bersama-sama; membaca doa maupun melaksanakan salat bersama-sama; dan lain sebagainya. Kalau terpaksa ada perbedaan, perbedaan agama di dalam keluarga hendaknya disikapi dengan rasa saling memahami. Sama-sama memberi kelonggaran

sehingga semua bisa melaksanakan kewajiban beribadah masing-masing.

5) Sila kedua, Kemanusiaan yang adil dan beradab, dapat diterapkan di keluarga dalam bentuk wujud saling cinta: antara bapak ibu, antara orang tua dengan anak-anak, termasuk keluarga dengan pramuwisma. Menerapkan tenggang rasa, menyingkiri tindak sewenang-wenang, menolong orang, *tapa ngrame*, dan lain sebagainya.

6) Sila ketiga, Persatuan Indonesia, dapat diterapkan di keluarga dengan memasang lambang negara dan gambar Presiden/Wakil Presiden, membuat bendera Merah Putih beserta tiangnya sehingga siap jika sewaktu-waktu dipasang di depan rumah. Kepada anak-anak hendaknya dibiasakan (dilatih) supaya tahu dan menghargai semangat kebangsaan Indonesia.

7) Sila keempat, Kerakyatan yang Dipimpin oleh Hikmat Kebijaksanaan dalam Permusyawaratan/Perwakilan, dapat diterapkan di keluarga dengan selalu tidak meninggalkan prinsip berembug/musyawarah. Selebihnya, dengan kebulatan hasil putusan musyawarah, semua warga harus menerapkan secara ikhlas.

8) Sila kelima, Keadilan Sosial bagi Seluruh Rakyat Indonesia, pada penerapan dalam keluarga dapat diganti, untuk seluruh keluarga. Penerapannya berupa tindak yang adil, menghormat hak seluruh anggota keluarga. Sikap tidak suka hidup boros, suka dan rajin bekerja, harus dilaksanakan oleh seluruh anggota keluarga.

9) Jika Pancasila nyata dapat diterapkan di keluarga, tentu keluarga mempelai akan selalu memperoleh ketenteraman dan kemuliaan.

10) Hanya itu, Nanda pengantin yang berbahagia dan hadirin yang dimuliakan, nasihat yang dapat saya sampaikan.

Paragraf 2)—10) dari wacana *ular-ular* (12) merupakan paragraf-paragraf tengah dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 2) dan 10) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 3)—9) yang memang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa paragraf 3)—9) merupakan slot tubuh. Penetapan juga didasarkan pada fakta bahwa sebagai slot tersendiri, distribusi paragraf 3)—9) bersifat tegar. Distribusi itu tidak dapat dipertukarkan dengan slot lain.

Slot tubuh pada data (13).

(13) 3) *Minangkani keparengipun Bapak Puspateja saha Ibu lumantar sadherek Panatacara, kula kakersakaken suka ular-ular tumuju dhumateng putra panganten kekalih. Ingkang punika, dhumateng panjenenganipun para pepundhen lan para tamu keparenga kula nggempil kamardhikan sarta anyelani pangandikan sawetawis. Bokbilih atur kula punika kurang nuju prana, mugi kersaa paring pangapunten.*

4) *Nakjeng Harjani lan Nakmas Ismaya, wiwit wekdal punika panjenengan kekalih sampun sanes kenya lan jaka, nanging sampun manunggal mangun bebrayan enggal. Kagem manunggaling kekalih pribadi ingkang suwau boten sami menggah sipat legeyanipun punika antawisipun kanthi lelantaran laku punika.*

5) *Nglaras dhiri. Liripun kekalihipun kedah salaras. Upaminipun ingkang putri kagungan karemenan dhateng tetaneman, kamangka kakungipun kirang remen tanem-taneman. Ngadhepi kawontenan punika prayogi ingkang kakung nglarasaken dhiri kanthi ngulinakaken remen tanem-taneman. Suwalikipun manawi salah satunggal utawi kekalihipun kagungan sipat ingkang kirang prayogi, kados dene remen dora, remen muring-muring, cugetan, asring damel seriking tiyang sanes, lan remen ngraosi awoning tiyang, temtu kemawon sadaya pakulinan punika kedah dipunudi amrih icalipun.*

6) *Mawas dhiri. Inggih punika niti priksa kawontenan dhirinipun piyambak. Liripun sadaya tumindak ingkang kapenggalih*

kirang leres utawi kirang nuju prana prayogi dipunleresaken. Upaminipun sang putri tansah ngetingalaken polatan mbesengut dhateng kakungipun. Kawontenan punika menawi dados pakulinan temtu boten sae tundhonipun. Suwalikipun menawi kekalihipun sayuk rukun, sami gumatosipun temtu kemawon prayogi dipun-lestarekaken.

7) *Tepa slira.Inggih punika nepakaken dhirinipun piyambak kaliyan bot-repotipun tiyang sanes. Dados menawi garwa nembe repot kathah pedamelan sampun ngantos ngaru biru utawi nggang-gu damel kagem kabetahanipun piyambak. Nanging sesaged-saged kepara malah suka pambiyantu kagem ngentheng-enthengi pun garwa punika.*

8) *Sampun sendhon waon. Bebasan waton maoni iku gampang, nanging maoni maton iku angel. Tegesipun menawi namung asal maoni punika gampil. Dene ingkang angel maoni kanthi lelandhesan penggalihan ingkang maton. Pramila awit saking punika samangsa garwa tumindak ingkang kirang prayogi, caranipun ngleresaken sesaged-saged sampun ngangge modhel maoni utawi nyendhu. Cara makaten punika manawi kirang mapan lan leres saged nuwuhaken raos serik utawi mangkel.*

9) *Bantu-binantu. Pedamelan bale wisma punika kathah lan mawarni-warni. Supados boten kathetheran garwa kakung putri kedah kersa bantu-binantu. Sampun ngantos kagungan penggalih mbedakaken pedamelan piyantun putri lan pedamelan piyantun kakung. Sadaya prayogi kaanggep sami. Sinten ngleresi sela prayogi kersa nyekapaken padamelan ingkang prelu dipunrampungaken.*

10) *Mekaten menggah ular-ular ingkang saged kula aturaken. Mugi-mugi wonten paedahipun kagem putra panganten kekalih punapa dene kagem para tamu umumipun.*

Paragraf 3)—5) dari wacana *ular-ular* (13) merupakan para-graf-paragraf tengah dari wacana bersangkutan yang terdiri atas sebelas paragraf. Berdasarkan sifat pesan dari paragraf 3) dan 5) yang bukan berupa nasihat untuk pengantin dan paragraf 4) yang memang berupa nasihat untuk pengantin, ditentukan bahwa

paragraf 4) merupakan slot tubuh. Sebagai slot tersendiri, yaitu slot tubuh, paragraf 4) terdiri atas lima subparagraf dengan sifat pesan yang berbeda-beda, yaitu (a) *nglaras dhiri* 'saling menyesuaikan', (b) *mawas dhiri* 'introspeksi', (c) *tepa slira* 'tenggang rasa', (d) *sampun sendhon waon* 'tidak suka mencela (pasangan)' dan (e) *bantu-binantu* 'saling membantu'. Penetapan bahwa paragraf 4) merupakan slot tubuh juga didasarkan pada fakta bahwa sebagai slot tersendiri, distribusi paragraf 4) bersifat tegar. Distribusi itu tidak dapat dipertukarkan dengan slot lain, misalnya slot penutup.

Slot tubuh pada data (14).

(14) 6) *Panjenenganipun para pepundhen, para sesepuh, para pinisepuh, punapa dene panjenenganipun para tamu kakung sumawana putri ingkang luhur ing budi, keparenga sami paring pangestu dhumateng kula, supados saged dumugining sedya anggen kula amakili panjenengan sedaya, suka wawasan tumrap theg kliweripun ngambah bebrayan agung menika.*

7) *Anakmas temanten kekalih ingkang manggih bagya mulya. Gegaran tumrap gesang bebrayan menika kedhah nindakaken Ma Lima, inggih menika saking mlumah, mengkurep, modot, mlebu, lan metu. Saderengipun kula jlentrehaken, sasampuna panjenengan sampun sami gumujeng langkung rumiyin, bokbilih kathah para rawuh ingkang lajeng kagungan pandugi ingkang sipatipun lekoh utawi jowog. Wosipun, ma lima menika saged kapiterang makaten.*

8) *Mlumah, menika wredinipun nglumahaken tangan, tegesipun remen makarya utawi nyambut damel minangka lantaran nyenyadhong dhateng Gusti Allah SWT dhawahing rezeki saking panjenengan-Ipun. Sadamel-damelipun kedah dipuntlatosi saengga ing mangkenipun nggadhahi kasagedan/ahli ing satunggiling prekawis. Dados, nyambut damel menapa kemawon sageda sampun ngantos gontas-gantos (jelehan). Salah satunggal kedah dipunantepi saha dipunudi ingkang saestu.*

9) *Mengkurep, tiyang gesang ing alam donya menika remena remen weweh utawi tetulung dhateng tiyang sanes, lan suthik*

pikantuk pangalembana. Kanthi makaten menawi weweh utawi damel kasaenan dhateng tiyang sanes kaumpamakaken nyimpen sekar ing lemantun, kuncinipun dipunbucal. Saengga ingkang badhe mbikak lemantun wau tiyang sanes, boten awakipun piyambak. Menawi ingkang mbikak lemantun (kesaenan) wau tiyang sanes makaten gandanipun ngambar arum. Nanging, menawi dipunbikak piyambak, gandanipun amis bacin.

10) *Modot, menika tegesipun sami kaliyan mulur. Wredinipun tiyang gesang ing alam donya menika kedah tansah mulur utawi kreatif. Nbalaripun manut kemajenganipun jaman sarta masyarakat-ipun. Saengga dipunbetahaken pangudi tuwin pamudi daya indha-king seserepan. Sampun ngantos kalindhih dening kemajengan jaman kasebat. Pramila ing babagan panggulawentah wonten bedha-han utawi istilah Long life education utawi "panggula wentah sadanguning gesang". Lan wonten malih life skill, ketrampilan saprelu kangge ngadhepi pagesangan ing samangke. Liripun, ing jaman global mekaten tiyang sadonya menika saged pados pa-gesangan ing pundi papan. Kanthi mekaten gesang ing samangke tansaya awrat sesanggenipun, amargi sami lomba kaliyan warga negari manca, boten namung kaliyan warga setunggal negari. Pramila supados saged gesang kanthi remen kedah jembar wawasan-ipun saengga saged kreatif.*

